*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 70 (25799)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 22 апрел — хуымгæнæны мæйы 22 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХÆСТЫ ХЪÆДГÆМТТÆ
*Мады цæссыгтæ*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Нæ Иры фæсивæд*

4 ХÆЛАРДЗИНАДЫ ТÆГТÆ
*“Хивæнд чызг”-ы премьерæ Ирон театры*

**Хæрзиуæг**

## Майдан — æрыгон хъайтарæн

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО бархион батальон ”Аланыстон”-ы æппæтæй æрыгондæр æфсæддон службæгæнæг ОСТЪАТЫ Рустамæн радта ”Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæджы” майдан.**



"18-аздзыд лæппу ис фронты. Ацы ран ис Рустамы фыд — батальон "Аланыстон"-ы штабы хицау **Остъаты Руслан** дæр. Ныртæккæ Рустам йæхи дзæбæх кæны хæдзары. Фæнды йæ уæлдæр æфсæддон ахуыргæнæндонмæ ахуыр кæнынмæ бацæуын. Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы дæсныйад нымайы хуыздæрыл". Лæппуйы ныхасыл разы дæн. Раджы кæддæр æз дæр æфсæддон дæсныйад равзæрстон. Ахæм кæстæрæй сæрыстыр дæн!", — ныффыста Сергей Меняйло.

**Нæ уацхæссæг**

**Фæндагон хæдзарад**

## Хиды рацарæзт

**Алагиры районы цæугæдон Садонкæйы сæрты хид иннæ азы сæрдмæ сцалцæг кæндзысты. Къазнайы федералон кусæндон ”Упрдор Кавказ”-ы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы мæй цалцæггæнæн куыстытæм бавналдзысты.**

Специалисттæ хиды могортæ фæфидар кæндзысты, уыдоны æхсæн базæрондуæвæг æфсæн-бетон къæйтæ ногтæй баивдзысты, ацы къæйтæ иумæ бафидар кæндзысты, стæй дзы гидроизоляцимæ бетоны фæлтæр æмæ æфсæн-бетон уæлцъары дыууæ фæлтæры фæзындзысты.

70 метрæй даргъдæр автобацæуæнтыл зæронд уæлцъары фрезеровкæ баххæст кæндзысты æмæ дзы арматурæйы æнгæс геохызимæ асфальт-бетоны æртæ фæлтæры æрæвæрдзысты.

æппæт уыцы ифтонггæрзтæн рухс фæстæмæ здахыны нывыл бæрæггæнæнтæ кæй ис, уый фæрцы æхсæвы æмæ асæст боныхъæды рæстæг хидыл æдасæй цæуынæн фадæттæ арæзт æрцыдысты.

Уарыны дон аиуварс кæнынæн хиды кæрæттыл сараздзысты донисæн чысыл цъайтимæ донкалæн нуктæ. Цæугæдоны былтыл чи ис, уыцы æнцойгæнæн къултæ ногæй сараздзысты æмæ афтæмæй доны былтæ хæлдæй хызт æрцæуздзысты.

Цалцæггæнæн куыстытæ цалынмæ æххæстгонд цæуой, уæдмæ транспорт цæудзæн хиды иу тæлмыл реверсивон уагæй рухснысанты цæстдардимæ.



Хиды кæрæттæ æмбондæй æрæхгæндзысты, ног фæндагон нысантæ дзы бафидар кæндзысты, стæй хидыл термопластикæй хæххытæ скæндзысты. Хидыл чи фæзындзæн,

**Нæ уацхæссæг**

**Штабæй**

## Экономикæйы райрæзт

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта Гæрæнты уавæрты Цæгат Ирыстоны экономикон фидар рæзты оперативон штабы æмбырд.**

Рæгъмæ рахастой граждæнтæн æмæ куыстдæтджытæн фæллойы базарады æххуысы мадзæлттæ кæныны фарстатæ. Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитеты сæрдар Платы Альбинæ куыд радзырдта, афтæмæй царды уадзынц дыууæ программæйы, баст сты адæмæн куысты бынæттæ дæттынимæ. Ацы аз программæйы фæрцы райсдзысты 320 милуан сомы. Хæрдзты фылдæр хай лæвæрд цæуы æгуыст адæмæн, уыцы статьяйæн радих кодтой 170 милуан сомы.



Æгуыстдзинады æмвæзад республикæйы ныллæг у, мæймæ дзы вæййы 1200 вакансийы. Комитеты хицау куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ныр цыппар азы дæргъы национ проект "Демографи" у граждæнтæн æххуысы фæрæз. Йæ фадæттæй спайда кодтой регионы 2700 цæрæджы. Федералон фæзуаты сæ бон у спайда кæнын 210 ахуырадон программæйæ.

Ныр уал 100 адæймаджы бавнæлдтой экскурсоводы, юридикон хъуыддæгтæ аразыны, графикон дизайны, психолог-консультанты, æлхæнинæгты специалист æмæ æндæр дæсныйæдтыл ахуыр кæнынмæ. Уымæй уæлдай, комитет фадæттæ аразы уæлдæр æмæ рæстæмбис ахуыргæнæндæтты рауагъдонтæн, стажировкæ кæнынæн сын бафидынц. Ацы азы кæронмæ куыстуæттæм арвитдзысты 100 адæймагæй фылдæр.

Фаронæй фæстæмæ куыстдæтджытæн сæ бон у æххуысы мадзæлттæ райсын. Платы Альбинæ радзырдта æппæтуæрæсеон армукъайы республикон къæпхæны тыххæй, скодтой йæ 14 апрелы. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 1400 куыстагурæджы базонгæ сты 89 куыстдæтджыты фæндæттимæ. "Нæ бон бацис 100 адæймаджы куыстдæтджытæм арвитын, дарддæр баныхас кæндзысты лæмбынæгдæр", — загъта комитеты сæрдар.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар куыд загъта, афтæмæй паддзахадон æххуысы мадзæлттæ фæллойы базарадыл дзæбæх ахадынц. "Гæрæнты фæстæ уайтагъд фæллойы базарад фæцудыдта, фæлæ ныр уавæр банывыл ис, нæ куыст ыл фæбæрæг. Фæллойы базарады рæзтмæ стыр æргом здахæм.



Республикон размæцыд проектты фæрцы нæм фæзындзæн куысты ног 7 мин бынатæй фылдæр. Хъуамæ куыстдæтджытæн дæр æххуысы мадзæлттæ кæнæм, уый тыххæй хъуамæ спайда кæнæм федералон авналæнтæй. Тынгдæр цы куысты бынæттæ агурынц, уыдон сын хъуамæ дæттæм. Туризм, промышленност, хъæууон хæдзарад, иннæ къабæзтæ нæм рæзынц", — загъта Дзанайы-фырт.

Куыстæй чи феуæгъд, уыцы адæммæ уæлдай æргом аздахын Хицауады Сæрдар бафæдзæхста бæрнон адæймæгтæн, хъуамæ сбæрæг кæной куыстуæттæ цавæр специалисттæ хъуаг сты, уый фæстæ та бавналой уыдон цæттæ кæнынмæ. Оперативон штабы уæнгтæ паддзахадон æлхæнинæгты, куыстыты, лæггæдты иунæг оператор сбæрæг кодтой, уый хъуамæ йæхимæ райса республикæйы социалон инфраструктурæйы арæзтад æмæ бындурон цалцæг.

**БУТАТЫ Эльзæ**

**Фембæлд**

## Зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО бабæрæг кодта, йæ буары хæйттæ ампутаци кæмæн сты, уыцы футболистты тренировкæтæ. Нæ республикæйы разамонæг стадион ”Юность”-ы фæзы бакаст сæ хъазтмæ æмæ уый фæстæ зæрдæйæ-зæрдæмæ аныхас кодта тренертæ æмæ спортсментимæ.**

Мадзалы архайдтой: РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ** æмæ РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан.**



Ампутантты футболон клуб " Ирыстон" фæстæмæ йæ куыст райдыдта 2022 азы январы. Командæйы сконды ис 15 спортсмены. Цыбыр рæстæгмæ ссис æппæтуæрæсеон æмвæзады ерысты уæлахиздзау æмæ призер. Уымæй уæлдай, уæрæсейаг иугонд командæйы ис Цæгат Ирыстонæй дæр цыппар спортсмены.

Абон футболон клуб "Ирыстон" йæхи цæттæ кæны, ампутантты Уæрæсейы чемпионатмæ футболæй. Ерыстæ ацæудзысты Дзæуджыхъæуы Сывæллætты спортивон скъола "Æвзонгад"-ы фæзы 15-21 маймæ æмæ 14-20 августмæ.

Сергей Меняйло фæнысан кодта, физикон культурæ æмæ спорты къабазы вазыгджын фарстатæй иу у — адаптивон физикон культурæ æмæ спорты рæзт кæй у, стæй йæ æнæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы адæймæгты спортмæ здахыны хъуыддаг дæр.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг ма куыд загъта, афтæмæй УФ-йы Спорты министрадмæ æрвыст æрцыд куырдиат, йæ уæнгтæ хъыгдард кæмæн сты, уыцы адæмæн нæ республикæйы сæрмагонд физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс бассейнимæ саразыны фæдыл федералон бюджетæй æхца радих кæныны тыххæй. Ныридæгæн гæххæтт ис профилон министрады æркæсынмæ.

— Æнæмæнг, хъæуы инвалидтæн спортивон объекты арæзтады фарста алыг кæнын. Ног комплекс сын хорз фадæттæ ратдзæн, спорты фæрцы физикон æмæ психологон уагæй реабилитацийæн, — загъта Сергей Меняйло.

РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрадæн нæ республикæйы Сæргълæууæг бахæс кодта командæ "Ирыстон"-ы футболисттæн Беслæны стадион "Пищевик"-ы фæзы тренировкæты мадзæлттæ саразын

— Стадионы тынг хорз уавæртæ ис. Футболистты куы бафæнда ацы ран тренировкæтæ кæнын, уæд сæ ласдзыстæм уырдæм. Лæппутæ сæрæн сты, ис сæм бæлвырд нысантæ. Дызæрдыггаг нæу, командæйæн ноджы бæрзонддæр æнтыстдзинæдтæ кæй бафтдзæн йæ къухы, дзырдта дарддæр республикæйы Сæргълæууæг.

Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, 2021 азы Сергей Меняйло фембæлд футболы Уæрæсейы ампутантты иугонд командæйы тренер **Бæцойты Руслан** æмæ командæйы капитан **Гæмаонты Игоримæ.** Ныхас цыдис уæлдæр амынд командæйы архайд фæстæмæ нæ республикæйы сног кæныныл æмæ сын нæ республикæйы Сæргълæууæг разыйы дзуапп радта.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Акци**

## Номарæн архайд

**Змейкæйы станицæйы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты мæлæт райсæг колхозы кусджыты зæрдыл дарыны тыххæй, ныссагътой æртæ мин тала бæласы бæрц.**

Хъуыддаг скодтой "Зæрдылдарыны цæхæрадон"-ы фæлгæты, архайдтой дзы хъæдгæстæ, бархионтæ, мидхъуыддæгты оргæнты æмæ къазнайады кусджытæ. Ныссагътой сырх тулдзы, кæрзы 2600 талайы, уымæй æрхъуыды кодтой Пашковскийы номыл колхозы 55 кусæджы. Немыц ардæм куы æрбацыдысты, уæд амардтой колхозонты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд фыццаг аз Змæйкæйæ фронтмæ ацыдысты 2318 адæймаджы, ноябры станицæмæ немыц æрбахæццæ сты. Дарддæр сæ бон ахизын нæ бацис. Цæрæнбынаты цур 1942 азы, декабры, æрцыд ахъазаг тох Кавказыл. Елхотаг дуарыл немыцы баурæдтой, фæстæмæ сæ аппæрстой. Уымæй, Кавказ фашисттæй уæгъд кæнын райдыдта. Хæстæй нал сыздæхтысты 641 станицæйаджы.



Куыд фехъусын кодтой, афтæмæй "Зæрдылдарыны цæхæрадон"-ы акци республикæйы кæронмæ æрхæццæ. Уæдæй нырмæ ныссагътой 34 мин бæласы талайы.

**Нæ уацхæссæг**

**Æнæниздзинад**

## Тугдæттынад

**Росгвардийы цæгатирыстойнаг Управленийы кусджытæ архайдтой ”Доноры бон”-ы акцийы. Мадзал бацæттæ кодта Республикон тугдæттæн станцæ.**

10 гвардионы уыцы бон радтой 3,5 литры туг. Уый фæстæ та ацыд кадджын мадзал æмæ "Уæрæсейы Федерацийы кадджын донор"-ы æвдисæндар, РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры хæдивæг **Хетæгты Фатимæ** радта пъæлицæйы кæстæр сержант **Къæбысты Арсенæн** æмæ нæ республикæйы иннæ сгуыхт донортæн.




Уымæй уæлдай, “Уæрæсейаг сырх дзуар”-ы Цæгат Ирыстоны регионалон хайады минæвæрттæ гвардионтæн радтой Арфæйы фыстæджытæ дæр сæ активон архайд æмæ фæсивæды ‘хсæн туг дæттыны мадзал пропагандæ кæныны тыххæй.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Хъуамæ лæг йæхи уромын фæраза.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **22 апрелы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **15-20 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **17-19 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,44

**Хурыскаст** — 05,06
**Хурныгуылд** — 18,50

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 81,46
**Евро** — 89,46

12+

Хъуыддаджы ныхас

# Инвестицион проекттæ — цардмæ

**РЦИ-Аланийы Хицауад æрныхас кодта, республикæмæ инвестицитæ æрбаздахыны æмæ инвестицион проекттæ царды уадзын фæстаг азты куыд æнтысы, уыцы фарстатæ. Амыдта йæ Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æвæры амалхъомады архайдæн фадатджын уавæртæ саразыны хæстæ. Инвестор хъуамæ йæ хæстæ æххæст кæна. "Хъæппæрисы хицау зæххы хай райсгæйæ, хъуамæ бавнала проектмæ, афтæ ма рауайæд, æмæ дзы уайтагъд айрох. Уайтагъд хъуыддагмæ чи бавнæлдта, уыдонæн та хъæуы æххуыс кæнын, сæ фæрцы республикæйы социалон-экономикон рæзт æнтысдзæн, фæзындзæн нæм куысты ног бынæттæ, бюджеттæм æфтиæгтæ æмбæлдзысты", — загъта Дзанайы-фырт.



Экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр** куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2017 азы 56 инвестицион проекты банымадтой егъаудæртыл. Цæмæй бантысой, уый тыххæй сын Дзæуджыхъæуы æмæ районты радтой зæххы 86 хайы.

Фарон егъау инвестицион проекттыл нымад æрцыдысты 22 амалхъомадон хъæппæрисы, иу проект — социалон-культурон ахадындзинадимæ. Радих сын кодтой 56 зæххы хайы, æдæппæтæй инвестициты бæрц у 24,3 миллиард сомы, куысты бынæттæ дзы уыдзæн 2 минæй фылдæр. Проектты хъомысмæ куы рахизой, уæд иумæйаг бюджетмæ æфтиæгтæ уыдзысты 1 миллиард сомæй фылдæр.

Инвестицион проектты 'хсæн стырдæртæ сты ирхæфсæн "Алани-парк", балеркæсагдарæн фермæ, социалон инфраструктурæимæ цæрæнуæтты комплекс, Дзæуджыхъæуы базарадон-ирхæфсæн центр æмæ Мæздæджы агрокомплексы арæзтæдтæ. Уымæй уæлдай ма хъæвынц социалон-культурон объект "Цæгат Ирыстоны æхсæнадон ботаникон цæхæрадон"-æн бындур сæвæрын.

Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй æххæст кæна. "Хъæппæрисы хицау зæххы хай райсгæйæ..."

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Хæрзиуæг

# Кад — йæ бирæ азты фæллойæн

**Газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редакторы хæдивæг Александр ТОРИН хорзæхджын æрцыд "Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæджы" кадджын номæй.**



Уыцы хæрзиуæг у республикæйы журналистикæйы рæзты Александры ирддæр æвдисæн. Ацы профессимæ æрбацыд, 1979 азы ЦИПУ-йы филологон факультет каст фæуыны фæстæ. Йæ профессионалон фæндаг райдыдта республикон газет "Æрыгон коммунист"-æй. Йæ фæллойадон хыгъды бирæ бæрнон хæстæ амынд ис советон, фæскомцæдисон æмæ партион куысты. Александр Торин уыд Адæмы социалон хъахъхъæнынады центры директор, Мыхуыры æмæ рауагъдады хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдары фыццаг хæдивæг.

Газет "Северная Осетия"-йы коллективмæ Торин æрбацыд 2010 азы сæйраг редактор Ольгæ Вышловайы фæстæ. Цалдæр азы разамынд лæвæрдта республикон газетæн, абон та у сæйраг редакторы хæдивæг. Йæ фæллойадон бонтæ 40 азы сæрты ахызтысты. Александр Торин зынгæ æвæрæн бахаста нæ республикæйы мыхуыры рæзтмæ, у РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, хорзæхджын æрцыд республикæйы Кады гæххæттæй æмæ æндæр ведомствæты хæрзиуджытæй.

Александр Владимиры фырт! Дæ кадджын хæрзиуæджы фæдыл "Рæстдзинад"-ы кусджыты номæй айс нæ арфæтæ дæр. Æнæниз у фыццаджыдæр, Стыр Хуыцау та дын ахæм хъару æмæ амонд раттæд, ног æнтыстдзинæдтæ дæ къухы куыд бафта, амонд æмæ фарн демæ æмдзу куыд кæной!

**Газет "Рæстдзинад"-ы коллектив**

Экспертты хъуыды

# Се 'нусон бынат хъуамæ уа æфснайд

**Цæгат Ирыстоны цæрджытæн рагæй сусæггаг нал у, нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО нæ царды, не 'хсæнады алы къабазмæ дæр æдзух йе 'ргом кæй здахы, алы ран дæр вæййы, фæнды йæ йæхи цæстытæй фенын, фехъусын, куыд цæуы куыст, куыд ын æххæст кæнынц йæ уынаффæтæ, амынддзинæдтæ.**

Нæ зивæг кæны, нæ лæппутæ сæрмагонд æфсæддон операцийы кæм архайынц, уыцы бынæттæ дæр бабæрæг кæнынмæ, йе 'ххуысы хай сын бакæнын, кæд ахæм балцытæ æдас не сты, уæддæр. Лыг кæны, дæсгай азты хъуыдыгæнæг дæр кæй нæ уыди, уыцы фарстатæ дæр.

Ацы хатт Сергей Меняйлойы ныхасы сæр Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты историон факультеты студенттимæ фембæлды уыдис нæ республикæйы уæлмæрдты уавæрыл. Уæлдайдæр та — Дзæуджыхъæуы. Уавæрыл иу æмæ дыууæ хатты нæ фыста газет "Северная Осетия". Æмæ, æцæгдæр, немæ чи нал ис, уыдоны æнусон бынæттæн сæ фылдæр, хъыгагæн, сты æдзæллаг уавæры. Студенттимæ фембæлды сæйраг хатдзæг та уыдис ахæм — хъуамæ нæ республикæйы ма уа æнæфснайд æмæ æнæзылд уæлмæрдтæ. Æмæ уал ныртæккæ уавæр фæныврлдæр кæныны куысты фæзминагдæрæй æвдисынц сæхи Дзæуджыхъæуы администрацийы кусджытæ, сæ разамонæг **Милдзыхты Вячеславимæ**.

Бæгуыдæр, уый цалдæр боны куыст нæу, дзæвгар рæстæг бацархайын хъæуы. Фæзминагæй равдыстой сæхи Кировы районы сæргълæууæг **Нæкуысаты Барис** æмæ Елхоты хъæуы администрацийы хицау **Гуытъиаты Эльбрус**, уыдон ацы хъуыддагмæ раздæхтой уæлдай стыр æргом æмæ бынæттон уæлмæрдтæ æркодтой ныввыл уавæрмæ.

Хорз уаид, æмæ нæ политикон партиты, стæй иуæй-иу æхсæнадон организациты уæнгтæ дæр разæнгарддæрæй куы бавналиккой ацы фарста лыг кæнынмæ, уыимæ, гæнæн куыд ис, афтæ ахадгæдæр мадзæлттæй.

Æз мæхæдæг хорз хъуыды кæнын, 1988 азы студенттæ æмæ скъоладзаутимæ, истори æмæ культурæйы цыртдзæвæнтæ хъахъхъæныны æхсæнады уæнгтимæ Ирон аргъуаны алфамбылай зиуты рæстæг-иу хус сыфтæртæ куыд басыгътам, бырæттæ контейнертæм куыд калдтам, уый. Уæвгæ, абон афтæ кæнын нал æмбæлы, æндæр уагæвæрд ис.

Иннæ ахæм — егъау рагон бæлæстæ уæлмæрдты. Хъыгдарыны хос йеддæмæ ницыуал сты, фæлæ сæ алыг кæнын æмæ бафснайын та иуæй аслам нæу, иннæмæй та хъæуы хынцын сæрмагонд закъон. Нæ Парламенты депутаттæ ацы фарстамæ дæр бæстондæр куы 'ркæсиккой, уæд æвзæр нæ уаид.

**ЧЕДЖЕМТЫ Сергей, профессор, Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы уæнг**

Адæмы удæнцойæн

# Ног фæндаджы арæзтад

**Фæндæгты ног арæзтадæн æрмæст экономикон нысан нæй, фæлæ ма сæ фæрцы æнцонвадатдæр кæны адæмы цард æмæ сæ куыст. Фæндæгтæй бирæ аразгæ у адæмы æдас царды, стæй хи машинæтыл чи цæуы, уыдоны æнæниздзинадæн.**

— Фæндаг хъуамæ æнцонвадат æмæ æдас уа. Нæ бригадæйы уæнгтæ сты дæсны æмæ фæлтæрдджын специалисттæ, ис нæм æппæт хъæугæ техникæ æмæ арæзтадон æрмæг. Куыд базыдтам, афтæмæй ног фæндагæн йæ дæргъ уыдзæн иу километр æмæ 300 метры, йæ уæрх та — 10,5 метры, иуæрдæм дзы ацæуæн уыдзæн дыууæ машинæйæн.



Экскаваторыл кусæг БОТЪОТЫ Алан



Уæзласæн машинæйы шофыр ДЗАНТИАТЫ Захар

Ацы бонты сæ тæмæны бацыдысты Дзæуджыхъæуы Къостайы проспект машинæты цыдæй бирæ фæрогдæргæнæг ног фæндаджы арæзтадон куыстытæ.

Къостайы проспект Темырты æфсымæрты уынгимæ иугæнæг у Лагкуыйы-фырты уынг. Пайда дзы кæнынц цæхæрадæтты æмбалад "Рухс"-ы цæрджытæ, стæй æндæр фæндаггонтæ.



Зæхгуыстгæнджытæ ХУЫГАТЫ Алешæ, ТЕДЕТЫ Зураб æмæ КЪÆБЫСТЫ Важа

Фæндæгты арæзтадæн бынæттон бюджетæй дихгонд æрцыд 59 милуан сомы. Проектон документаци куы срæвдз ис, уæд тендер рамбулæг æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Ирстройинвест"-ы специалисттæ бындурон рацарæзты куыстытæм бавнæлдтой. Фыццаджыдæр уал фидæны фæндагæн аразынц фидар бындур. Уый тыххæй зæххæн йæ уæллаг цъар къахынц, йæ бынатмæ Теркæй ласынц дойнаг дур, уый фæстæ йыл ныккалдзысты хуыр æмæ йыл, 16-17 тоннæйы йæ уæз кæмæн у, ахæм катоктæ ауадздзысты.



Æрвылбон арæзтадон объектты кусы бирæ уæззау техникæ, стыр экскаватор, каток, 10-12 хæдæвдæлонгæнæн машинæйы дыууæрдæм кæнынц æнæрлæугæйæ.

— Фыццаджыдæр, архайæм куысты хæрзхъæддзинадыл, горæты разамынд нын нæ размæ цы æмгъуыдтæ сæвæрдта, уыдон сæххæст кæндзыстæм, — зæгъы "Ирстройинвест"-ы директор **Битарты Зауыр**.

Фæндаджы бынты цæудзæн, къæвда дæттæ кæдæм æмбырд кæной, ахæм канализаци, уый тыххæй дзы сæвæрдзысты нырыккон гофра-хæтæлтæ. Æртыккæгæм техникон категоримæ цы фæндаг хауы, уым фистæгæй цæуæг адæмы удæнцойдзинадæн уыдзæн къахвæндæгтæ æмæ рухсытæ дæр.

Нырткæккæ уал адæм пайда кæнынц, арæзтады фарсмæ цы фæндаг ис, уымæй. Аразджытæ ныфсджынæй зæгъынц, афæдзы кæронмæ ног фæндаг адæмæн лæггад кæнын кæй райдайдзæн, уый.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**
**Къамтæ систа ХЪÆЙЫРТЫ Дианæ**

Мæздæджы районæй

# 4 милуан сомы

**Афæдзы кæронмæ компанийы дæлхайад "Цæгкавказэнерго" 10/0,4 кВ уарæг хызты сцалцæг кæндзæн уæлдæфвæндæгты 9 километры æмæ 41 трансформаторон дæлстанцæйы.**

Мадзæлттæ арæзт цæудзысты 24 хъæуы, сæ цæрджыты нымæц у 45 минæй фылдæр адæймаджы. Бындурон цалцæг æрцæудзæн 15 трансформаторы.

Нырыккон телтæ кæй уадзынц, уый фæхуыздæр кæндзæн электрон тых адæммæ хæццæ кæныны хъуыддаг, стæй йæ куысты æмæ цалцæджы хæрдзтæ уыдзысты къаддæр. Иумæйагæй куыстыты нысан у районы цæрджыты æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ ахуырады кусæндæттæ электрон тыхæй æфсадын.

**"Россети Цæгат Кавказ"-ы пресс-службæ**

Доны объекттæ

# Кæсаг ахсын не 'мбæлы

**15 апрелæй фæстæмæ адæммæ Цæгат Ирыстоны цæугæдæттæ æмæ цадты кæсаг ахсыны бар нæй.**

Паддзахадон телерадиокомпани "Алани" куыд фехъусын кодта, афтæмæй, специалистты ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Кавказы республикæты фæзуатыл уæвæг доны объектты чи ис, уыцы кæсæгты хуызты фылдæр хайæн ныртæккæ у еугæф калыны афон, æмæ кæсæгты нымæц цæмæй ма фæкъаддæр уа, уый тыххæй сæ рæстæгмæ ахсын не 'мбæлы.

Хъаспы денджызæй цæгаткавказаг цæугæдæттæм еугæф калынмæ чи баленк кæны, уыцы кæсæгтæн кæсагахсджытæй тæссаг у. Еугæф калыны афон кæсагхъахъхъæнæг управлени кусы карзгонд фæткмæ гæсгæ. Амынд управленийы кусджытæ барадхъахъхъæнджытимæ иумæ доны объектты æмæ кæсаджы продукци ласыны маршрутты æххæст кæнынц цæстдарæн куыст.

**Нæ уацхæссæг**

Хойраг

# Бауадзинаг бæрцæй фылдæр

**Антибиотиктæ æрыскъæфы бауадзинаг бæрцæй фылдæр кæй ис, "Россельхознадзор" уый рахатыд.**



— Тетрациклин нæ хъæрмуæтты æрзайæг æрыскъæфты ис бауадзинаг бæрцæй 20 хатты фылдæр, — загъта "Россельхознадзор"-ы сæргълæууæджы хæдивæг **Антон Кармазин**.

Бæрнон адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, ацы азы райдайæнæй нырмæ рабæрæг сты токсикон буаргъæдтæ зайæгойты — импортон продукци дæр нымайгæйæ — мидæг бауадзинаг бæрцæй фылдæр уæвыны 1,7 мин цауы.

**("Известия")**

Хæсты хъæдгæмттæ

# Мады цæссыгтæ

**Æвæдза, адæймаджы цард куыд диссаг у. Цас хъизæмæрттæ æмæ фыдæбæттæ бафæразы уд ... Æниу, хъысмæтимæ кæй бон у хæцын. Фæнды мæ радзурын хъахъхъæдуйраг Дыгуры Дадзо æмæ Хъуыдинæйы æхсæз фырты, æхсæз цæхæрцæст стъалыйы хабар.**

1945 2023
Уæлахизы 78 азы бонмæ

рæвдз рауади, мидхъуыдыты цингæнгæ, кæд мæ хъæбултæй исчи хæсты быдырæй æрыздæхт, зæгъгæ... Сыздæхти ма æхсæз æфсымæрæй цыппæрæм фырт, Махарбег, уæззау цæфтæй, фæлæ æгъатыр судзгæ хæсты хъæдгæмттæй бирæ нал ахаста.



Аслæнбег



Хасанбег



Туземц



Махарбег



Мæцыхъо



Никъала

Дадзо æмæ Хъуыдинæйæн уыди 12 сывæллоны — цыппар чызджы æмæ аст лæппуйы. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд æхсæз æфсымæры, амæй-ай цæхæрцæстдæр, бархъомысджын æмæ æхсарджындæрæй ацыдысты Райгуырæн зæхх хъахъхъæнынмæ. Райгуырæн зæхх, ныййарæгау, зынаргъ æмæ адджын у. Цин æмæ тох та фæрсгæ нæ кæнынц лæджы, кæд дæм дзы чи фæзындзæн, уый бæрæг нæй...

Фæстæдæр, иу-иннæйы фæстæ, фондз сау уæззау гæххæтты æрбахастой Дадзойы хæдзармæ. Мæгуыр мад Хъуыдинæ-иу, кæрты дуар исчи куы æрбахоста, уæд-иу рæвдз сæг цардæй æнæрай уæвгæйæ, йæ хъæбултыл цæссыг калгæйæ, сау ингæнмæ бацыд...

Хъуыдинæ куы æррынчын, куы æруатон, уæд иу бон сдзырдта:

— Пъолмæ ма мæ æруадзут, пъолмæ... Мæ хъæбултæ зæххыл фæмард сты, æз та — мæ сынтæджы?!. Уымæн уæвæн нæй...

Хæстæджытæ йæ пъолыл æрæвæрдтой, æмæ, диссаг куыннæ уыд, бирæ нал ахаста, гыццыл фæстæдæр йæ уд систа.

Хъуыдинæ куы амард, уæд Дыгуры кæрты адæмæй бацæуæн нал уыд, уынгты та азмæлæн. Дзыллæтæ цыдысты æмæ цыдысты, адæм сæхи фыркуыдæй мардтой.

Цæссыг нæ уромы... Дæ фондз хъæбулы, дæ фондз хуры, дæ зæрдæйы арф уидæгтæ, дæ удлæууæнтæ тохы быдырæй мауал фæзынæд, цавæр зæрдæйы фидар уыди уыцы ныййарæг мадæн?! Цалдæр азы ма æнхъæлмæ кæсын, саубонтæй тыхст хъуыдыты уацары уæвын æмæ алы уысм дæр, гыццыл сыбырттмæ дæр фæлмæст æмæ æгъуыссæгæй æхсæвæй-бонæй удаист зæрдæйæ уæвынæн.

Зæронд ус, Хъуыдинæ, цалынмæ йæ къæхтыл лæууыд, цалынмæ йæ цæст уыдта, уæдмæ йæ царды кæронмæ дæр æнхъæлмæ касти йæ хъæбулты фæзындмæ. Фæлæ, хъыгагæн, йæ хъæбултæм зæрдæхсайгæйæ, сагъæс

Уæлмæрдмæ разæй хастой Хъуыдинæйы чырын, йæ фæстæ та — йæ фондз хъæбулы афтид табæты. Уæлæуыл кæрæдзи чи нал федта, уыдон ныр баиу сты æмæ се 'нусон бынат ссардтой мæрдты бæсты.

Уастæн, адæмы тæригъæдæй хæстæн йæ кой, йæ хъæр дæр макуыуал уа... Уастæн, хæстæндзарджытæн сæ ном бындзарæй сыскъуыйа æмæ фесæфа...

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

*Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —*
*Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..*

НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД
ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ
ФАРС ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ
2023 АЗЫ 22 АПРЕЛ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙЫ 22 БОН, САБАТ № 3 (87)

Конкурс

# "Сæуæхсид" — фестивалы уæлахиздзау

**Фæсивæдон театр "Амыран" зæрдиагæй архайы мадæлон æвзаг бахъахъхъæныныл. Уый хъæппæрисæй Дзæуджыхъæуы æрвылаз дæр арæзт æрцæуы Фæсивæдон æмæ сывæллæтты хæдахуыр театрты ирон национ фестивал "Амыраны рухс". Йæ архайджытæ сты Цæгат Ирыстоны ахуырадон æмæ культурон уагдæтты ахуырдзаутæ, 7 азæй 30 азы онг кæуыл цæуы, уыдон.**

Æрæджы дæр та Дзæуджыхъæуы ахицæн Фæсивæдон æмæ сывæллæтты хæдахуыр театрты ирон национ æрвылазон 7-æм фестивал "Амыраны рухс". Ацы аз фестивалы 7 номинацийы архайынмæ сæ куырдиæттæ балæвæрдтой 500 хæдахуыр театралон къорды. Æдæппæтæй дзы архайдтой иу минмæ 'ввахс адæймаджы Цæгат Ирыстоны горæттæ æмæ хъæутæй. Спектаклтæ иуыылдæр æвæрд цыдысты ирон æвзагыл. Жюрийы уæнгтæ уыдысты нæ республикæйы аивады æмæ культурæйы зындгонд архайджытæ: Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры артисттæ **Къæбысты Павел, Дзгойты Аллæ æмæ Черчесты Дианæ**, РЦИ-Аланийы сгуыхт артист, Фæсивæдон театр "Амыран"-ы директор **Сидахъаты Дзамболат**, Паддзахадон дыгурон театры артисткæ **Хуыдæлты Маринæ** æмæ иннæтæ.

Уæлахиздзауты сбæрæг кодтой Фæсивæды республикон галуаны ирон драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы райгуырæн боны хæдразмæ.

**Беккуызарты Фатимæ** æмæ **Дзебысаты Ларисæ** сты Дзæуджыхъæуы 48-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ. Сæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад æнæвгъауæй лæвар кæнынц сæ ахуыргæнинæгтæн. Æппæт хъарутæй дæр архайынц, цæмæй сæ ахуырдзаутæ дзурой иронау, уарзой сæ мадæлон æвзаг æмæ Райгуырæн бæстæ, зоной ирон адæмы хъæздыг истори æмæ æгъдæуттæ, аргъ кæной хистæртæн.

**Фатимæ** æмæ **Пухаты Альбинæ** сты 48-æм скъолайы драмон къорд "Сæуæхсид"-ы аивадон разамонджытæ. Фатимæйы ныхасмæ гæсгæ, драмон къорд "Сæуæхсид"-ыл цæуы 3 азы.

— Фарон дæр архайдтам ацы конкурсы. Бацæттæ кодтам **Илас Æрнигоны** сатирикон миниатюрæ **"Уайсадæг чындз"**. Ацы аз нæхи хуыздæр бацæттæ кодтам, архайдтам æртæ номинацийы, — зæгъы Беккуызарон æмæ ма дарддæр фæбæрæг кодта, — фыццаг номинаци уыд драмон спектакл. Сæвæрдтам **Æгъуызарты Саукуыдзы** радзырд **"Æнусон азæлд"** æмæ бацахстам фыццаг бынат муниципалон къæпхæны æмæ республикæйы дæр. Сæйраг ролы дзы ахъазыд 10-æм къласы ахуырдзау **Быдтаты Дзамболат**. Дыккаг номинаци уыдис "Сатирикон миниатюрæ". Уым дæр бацахстам 1-аг бынат муниципалон къæпхæны. Сæвæрдтам Илас Æрнигоны пьесæ "Дæндаджы низ". Æртыккаг номинаци та уыдис аив кæсынад. Архайдта дзы не скъолайы 10-æм къласы ахуырдзау **Чъерджиаты Дианæ**. Уый дæр муниципалон къæпхæны бацахста 1-аг бынат. Бакаст Æгъуызарты Саукуыдзы радзырд "Хангуассæ"-йæ скъуыддзаг, — зæгъы Фатимæ.

Драмон къорд "Сæуæхсид"-ы архайджытæ сты 6-æм къласы ахуырдзаутæ: **Гæджиты Давид** æмæ **Хуыдæлты Атей**; 9-æм къласæй — **Сæлбиты Валери**, **Хъалæгаты Сæрмæт, Быгъуылты Хетæг, Икъоты Аминæ, Айдарты Азæмæт, Цæгæраты Алан, Томайты Арсен, Багъæраты Камиллæ, Гæззаты Вероникæ** æмæ 10-æм къласæй — **Быдтаты Дзамболат** æмæ **Чъерджиаты Дианæ**. Уыдон иууылдæр сты Фæсивæдон æмæ сывæллæтты хæдахуыр театрты ирон национ фестивал "Амыраны рухс"-ы уæлахиздзаутæ.




— Аивадон конкурсты архайгæйæ, мах сывæллæтты хуыздæр базонæм. Бæлвырдæй нын раргом вæййынц се сфæлдыстадон курдиæттæ. Æхсызгон нын вæййы, уыцы уацмысты хъуыды куы банкъарынц, сæ зæрдæтæм сæ арф куыд айсынц, уый. Сатирæ дæр æмæ хæсты тематикæ дæр сæм сæвзæрын кæнынц алыхуызон æнкъарæнтæ. Уый хорз хъуыддаг у, уымæн æмæ ахудынæй дарддæр хъуамæ уацмысы хъайтары тыхстдзинад дæр æмбарой. Нæ ахуырдзаутæ иронау хорз куы радзурынц, уæд махæн дæр уымæй æхсызгондæр ницы вæййы. Æмæ дарддæр дæр ууыл кусдзыстæм, — бафтыдта ма Фатимæйы ныхасыл Ларисæ.

Кæронбæттæны ма мæ зæгъын фæнды уый, æмæ Беккуызарты Фатимæ æмæ Дзебысаты Ларисæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты иумæ ахуыр кодтой, ныр кусгæ дæр кæнынц иу скъолайы. Уарзонæй æмæ æнæзæрдæхудтæй хæссынц сæ хæлардзинад азты сæрты, æмæ сын Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, бинонты фарнæй æмæ сылгоймаджы амондæй хайджын куыд уой, бирæ азты ма афтæ иумæ куыд кусой, Ирыстонæн аккаг хъæбултæ куыд хъомыл кæной!

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

Хæсты азæлд

# Цыртдзæвæны сæвзæрд

**Ахуырады дунеон академи "Смарт" 2023 азы расидтис Æппæтуæрæсеон дæрддзæфмæ педагогон конкурс "Æз уын хæсты тыххæй радзурдзынæн". Архайынц дзы астæуккаг скъолаты, колледжтæ æмæ æндæр ахуыргæнæндæтты ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзаутæ. Конкурсы нысан у, ахуыргæнджытæм æмæ ахуырдзаутæм сфæлдыстадон архайд æмæ профессионалон дæсныйад рæзын кæнын, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй фылдæр информаци базонын, Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад æмæ патриотизмы æнкъарæнтæ фидар кæнын.**

**Конкурсы номинаци "Ахуырдзауы хуыздæр реферат"-ы архайдта Дзæуджыхъæуы 28-æм астæуккаг скъолайы 11-æм къласы ахуырдзау Хетъеты Дианæ. Уый цымыдисаг иртасæн куыст бакодта æмæ сбæрæг кодта, Майрæмададжы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг чи фæмард, уыдонæн цы цыртдзæвæн сæвæрдтой, уый равзæрды истори.**

**Конкурсы архайджытæ уыдысты Уæрæсейы алы горæттæ æмæ регионтæй. Дианæйы реферат бацахста 3-аг бынат. Уый Æппæтуæрæсеон конкурсы архайгæн у кадджын бынат. Нæ зæрдæ йын зæгъы ноджы фылдæр æнтыстдзинæдтæ æмæ уæлахизтæ!**

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæ ныр 78 азы онг нæ хицæн кæны уæрæсейаг адæмты зæрдæтæй. Махæн, рæзгæ фæлтæрæн, та уæлдай ахсджиаг у. Уымæн æмæ мах стæм хистæр æмæ кæстæр фæлтæрты 'хсæн бастдзинады цæг.

Дзæуджыхъæуы 28-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнгæйæ, нæ кълас арæх фæархайы алыхуызон æфсæддон-патриотон мадзæлтты. Æмæ æрвылаз нæ къласы разамонæгимæ бабæрæг кæнæм Хæстон Намысы бынæттæ. Экскурситы рæстæг базонгæ вæййæм Ирыстоны историимæ. Цы федтон, æмæ цы фехъуыстон, уыдон мæ зæрдæйы ныууагътой арф фæд. Фæлæ мæ уæлдай дисы бафтыдта, Майрæмададжы цы цыртдзæвæн ис, уый хабар.

Суаргом æмæ Майрæмададжы музейты нын цыбырæй радзырдтой ацы диссаджы цыртдзæвæны равзæрды тыххæй. Фæлæ фæстæдæр Интернеты тыгъдады мæ цæст æрхæцыд иу видео-роликыл. Уый уыд Ирыстон ТВ каналы 2020 азы 9 февралы программæ "Уæлахизы марафон"-ы равдыст.

Журналист Николай Песьяков радзырдта наудзæуæг хæстонты сгуыхтдзинады тыххæй. Сæ нæмттæ фыст æрцыдысты цыртдзæвæныл. Фактты бындурыл мæ къухы цы æрмæджытæ бафтыд, уыдон рауадысты цымыдисаг, æмæ сæ хæссын конкурсы жюрийы размæ.

Хæсты рæстæг Майрæмадаг фашисттæн уыд ахсджиаг стратегион бынат. Елхотыл æрбацæуын сын куы нæ бантыст, уæд немыцаг лæбурджытæ бахъавыдысты Суаргом бацахсынмæ. Уый сын уыд Пълан-Б. 1942 азы ноябры мæйы ацы ран цыдысты уæззау тохтæ. Фашистон лæгмартæ Майрæмададжы хъæугæрон урæд æрцыдысты. Знаг лæбурдта Арвыкомы фæндагмæ, цæмæй уырдыгæй Дзæуджыхъæумæ æрбахиза. Уыцы карз тохы дæс мин хæстонæй фылдæр фæмард сты, уæддæр советон салдæттæ бахъахъхъæдтой сæ Фыдыбæстæ. Уыцы æдзард хъæбатыр хæстонты номыл Майрæмададжы фæзындысты цалдæр монументы, Суаргом Хъахъхъæнджыты музейы та æнусон арт никуы ахуыссы. Ам æнустæм хуысгæйæ баззадысты Фыдыбæстæйы бирæ хъæйтартæ. Коммæ бацæуæны цыртдзæвæныл фыст æрцыдысты Хъаспы денджызон фистæг æфсады хæстонты нæмттæ.

Уыцы карз тохыл афæдз куы рацыд, уæд 1943 азы декабры йæ бынаты арæзт æрцыд цыртдзæвæн. Уый уыд фыццаг цыртдзæвæн хъæбатыр хæстонтæн Цæгат Ирыстоны зæххыл. Сарæзтой йæ, Суаргом бахъахъхъæныныл тохты йæ цард чи радта, уыдоны кадæн. Ацы цыртдзæвæны истори зæрдæ агайы. Йæ саразджытæ уыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ — архитектор **Бтемыраты Анатоли** æмæ Майрæмададжы бынмæ карз тохы уæззау цæф фæуæг, лейтенант **Эдуард Мирза-Туниев**.

Лейтенант кæй сарæзта, уый йæхæдæг дæр у граждайнаг сгуыхтдзинад. Фæзылд республикæйы хицауады кабинеттыл, цæмæй йын бар радтой ацы цыртдзæвæн сæвæрынæн. Фæлæ йын алы ран дæр дзуапп лæвæрдтой:




— Нæй нæм æрмæг, иу стъалыйы фаг дæр нæм æфсæйнаг нæй.

Уæд Мирза-Туниев фидарæй загъта:

— Æз ссардзынæн.

Æмæ йæ ныхас сæххæст кодта. Къуылыхæй, уæззау цæфы фæстæ, уыцы карз тохы бынатмæ æрцыд æмæ, йе 'фсæддон голлагмæ винтовкæтæ æмæ автоматты бур æфсæн нæмгуытæ, йæ сæрæй цыма йе 'дзард хæстон æмбæлттæн куывта, афтæ гуыбыргæнгæ æмбырд кодта. Нæмгуытæ уый фæстæ Дзæуджыхъæуы заводтæй иуы стайын кодтой. Кæй æрæмбырд кодта, уыцы згъæрæй канд стъалы нæ рауад, фæлæ ма науæнгуыр æмæ, хæстонты нæмттæ цæуыл фыст æрцыдысты, уыцы æрмæг дæр.

Цыртдзæвæн æвæрд æрцыд, æртындæс курсанты кæм фæмард сты, уыцы бынаты, æмæ сси хæстон æфсымæрады, иузæрдионад æмæ салдæтты 'хсæн хæлардзинады нысан.

— Уыцы уæззау тохты тыххæй адæймаг бæлвырддæр хабæрттæ куы базоны, уæд йæ зæрдæ тынгдæр фæриссы. Афтæ мæн дæр сагъæсы бафтыдта ацы цыртдзæвæны равзæрд. Æз æй нымайын фыццаг цыртдзæвæныл Цæгат Ирыстоны зæххыл Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыртæн, — загъта **Николай Песьяков.**


Международная академия образования
«СМАРТ»
Диплом
№ НС 3003233237
НАГРАЖДАЕТСЯ
Хетеева Диана Витальевна, ученица 11 класса
МБОУ СОШ № 28, г. Владикавказ
*за III место*
*в номинации: «Лучший реферат ученика»*
*во Всероссийском конкурсе*
*«Я расскажу вам о войне...»*
*конкурсная работа: «История создания одного памятника...»*
г. Москва
март 2023 г.
Генеральный директор Парушкина Н.В.

— Ацы цыртдзæвæны хабар мæ дисы бафтыдта. Мæ фыд хæцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, æмæ æз, куыд хæстон лæджы фырт, тынг арф айстон ацы хабар мæ зæрдæмæ, — зæгъы журналист **Сергей Менжерицкий.**

Уæззау цæф уæвгæйæ дæр-иу Эдуард Мирза-Туниев алы аз дæр цыд Майрæмадагмæ йе 'мбæлтты æфсымæрон ингæнмæ. Йæхи хъарутæй ацы цыртдзæвæн чи сарæзта, уыцы лейтенанты фæстаг ныстуан уыд йæ амæлæты фæстæ йæ бавæрын йæ хæстон æмбæлтты фарсмæ.

Уæлахизы бон 2015 азы 9 Майы Мæскуыйæ ардæм ссыд Эдуард Мирза-Туниевы хъæбулы хъæбул **Эвелинæ Мустафаева.** Чысыл хъæу чи хъахъхъæдта, уыцы советон æфсæддонты хъæбатырдзинадыл фыст Николай Песьяковы уацхъуыд куы федта, уæд Интернеты фæрцы ссардта архитектор Бтемыраты Анатолийы бинонты æмæ уыдонæй базыдта йæ дадайы сгуыхтдзинады хабар.

Фыццаг хатт ссыд Ирыстонмæ.

Майрæмададжы 9 Майы бæрæгбон уæлдай кадджындæрæй сбæрæг кæнынц. Хъæуы сæйраг уынджы фыццаг ацыдысты хъæуы астæуккаг скъолайы ахуырдзаутæ.

Эвелинæ Мустафаевайыл сæмбæлдысты, ирон æгъдау куыд амоны, афтæ — æртæ чъирийы æмæ бæгæныйы къусимæ. Скъоладзаутæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй бакастысты æмдзæвгæтæ. Уый фæстæ Уæлахизы Парады архайджытæ иуыылдæр музейы æфсымæрон ингæныл сæвæрдтой дидинджытæ. Ам советон æфсæддонты сгуыхтдзинад нæ рох кæнынц абон дæр.

— Бирæ хабæрттæ ис сгуыхтдзинæдты тыххæй. Канд мæ дадайы тыххæй нæ, фæлæ иннæ хæстонты тыххæй дæр. Хæдзары нæм цы чиныг ис, уым фыст ис, мæ дада кæм архайдта, уыцы тохты тыххæй. Фæлæ 20 азы фæстæ ног хабæрттæ фехъусын тынг æхсызгон у, — дзырдта Эвелинæ.

Майрæмададжы астæуккаг скъолайы ахуырдзау **Хæныкъаты Маринæйы** ныхасмæ гæсгæ, нæ зæххыл, уæлдайдæр та Майрæмададжы чи фæмард ис, уыцы хъæбатыртæ рох никуы уыдзысты.

— Мах æрбацæуæм ацы музеймæ, базилæм æм, — бафтыдта ма йæ ныхасыл Маринæ.

Эвелинæ нын зæрдæ бавæрдта, Ирыстонмæ ма кæй ссæудзæн, уымæй. Йæ дадайы бынтон хорз нæ хъуыды кæны, фæлæ йын Цæгат Ирыстоны мингай цæрджытæ йæ хъæбатырдзинад никуы ферох кæндзысты. Фидæны фæлтæрты сæраппонд йæ цард чи радта, уыдон сты æнусон, уымæн æмæ нæ зæрдæты æнустæм цæрдзысты.

Йæ балцы фæстæ Эвелинæ фыстæг сæрвыста Николай Песьяковмæ:

— Мæ дада цæрын бирæ уарзта. Алкæмæн дæр æххуыс кодта. Хъыгагæн, æгæр раджы амард. Азтæ куы рацыд, уæд ын йæ ингæн зæххы æмхуызон скодтой, ныр нал ис мæ дадайы ингæн. Уымæ гæсгæ Намысы аллейæйы цыртдзæвæн у йæ иунæг мысæн бынат. Курын дæ, хъæуы цæрджытæн мах номæй стыр бузныг зæгъ. Мæ бинонтæй сæ лæггæдтæ рох никуы уыдзысты, — фыста Эвелинæ.

**ХЕТЪЕТЫ Дианæ,**
**Дзæуджыхъæуы 28-æм**
**астæуккаг скъолайы ахуырдзау**

Æрыгæтты сфæлдыстад

# "Нарты дуджы сывæллæттæ"

*Пьесæ*

**Фаризæт (мад)**: Нæ лæг, сывæллæттæн сæ улæфты рæстæг æрхæццæ, æмæ иу гыццыл сыгъдæг уæлдæфы хъæстæ куы фæуаиккой, уый мæ тынг фæнды. Райсом дæуæн дæр улæфты бон у, æмæ нæ Хъæнимæ алас.

**Чермен (фыд)**: Хорз, Фаризæт, хорз. Æз уæ баласдзынæн æмæ фæстæмæ фездæхдзынæн.

**Фаризæт:** Нæ лæг, уый та куыд загътай, æмæ ды иу æхсæв дæр нæ ныллæудзынæ?

**Чермен:** Нæ, нæ, Фаризæт, мæн ам хъуыддæгтæ ис. Зæгъ сывæллæттæн, æмæ сæхи срæвдз кæной, райсом тынг раджы цæуддзыстæм.

**Фаризæт:** Цымæ йæ цавæр хъуыддæгтæ ис улæфыны бон, уый базон. Таму, Русик, Ритæ, кæм стут мæ къонатæ?..

**Автор:** Сывæллæттæ æртæйæ дæр йæ размæ разгъордтой.

**Фаризæт:** Уæ дзаумæттæ æрæмбырд кæнут, райсом тынг раджы хохмæ цæуæм, уæ нана æмæ дадамæ.

**Автор:** Хистæр лæппу дзуры.

**Таму:** Мамæ, æмæ хохы Интернет ис?

**Фаризæт:** Фæстаг хатт куы уыдтæн, уæд дзы нæ уыдис.

**Автор:** Сывæллæттæ æртæйæ дæр æрæнкъард сты.

**Русик:** Мамæ, мах нæ фæнды хохмæ, цы кусдзыстæм уым, кæд дзы Интернет нæй, уæд?

**Фаризæт:** Интернет уæ цæмæн хъæуы хохы, уым сыгъдæг уæлдæфы уе уæнгтæ айтынг кæндзыстут æмæ зымæг нал рынчынтæ кæндзыстут.

**Таму:** Æз нæ цæуын, мæн дæр нæ фæнды хохмæ.

**Автор:** Фаризæт рамæсты, æмæ хъæр ныхасæй дзуры йæ цотмæ.

**Фаризæт:** Уæ иу дæр ма куы сдзура, уæд уын уæ телефонтæ байсдзынæн, æмæ-иу уæд бадут ам горæты.

**Автор:** Сывæллæттæ амбырд сты, аныхас кодтой æмæ сæ мадмæ дзурынц.

**Сывæллæттæ:** Мамæ, мах разы стæм, чи зоны, æмæ хохы хорз у, стæй дзы кæд афонмæ Интернет ис.

**Ритæ:** Мамæ, цавæр дзаумæттæ æрæмбырд кæнæм?

**Фаризæт:** Фыццаджыдæр, хъарм дзаумæттæ, райсомæй æмæ изæрæй хохы уазал вæййы.

**Автор:** Хъæнийы нана æмæ дада æнхъæлмæ кæсынц сæ хъææбулы хъæбултæм. Машинæ æрлæууыд, æмæ бинонтæ рахызтысты, бацин кодтой кæрæдзийыл, аходæн бахордтой. Фыд фæстæмæ раздæхт горæтмæ. Сывæллæттæ æртæйæ дæр сæ телефонты аныгъуылдысты.

**Нана:** Фаризæт, ацы сывæллæттæ уынгмæ цæуылнæ цæуынц?

**Фаризæт:** Мамæ, æз афтæ хъуыды кодтон, ам Интернет нæй, æмæ иу гыццыл сыгъдæг уæлдæфмæ баулæфдзысты. Æмæ та ам дæр куы сæвæрдтой уыцы антеннæ Интернетæн. Уымæй уæлдай, сæ горæты дæр ницы хъæуы, сæ телефонтæм нымдзаст вæййынц æмæ дæ хъусгæ дæр нæ кæнынц, цыфæнды куы дзурай, уæддæр.

**Дада:** Уый та куыд нæ хъусынц?

**Фаризæт:** Папа, уæдæ ма бадзур кæцыфæндымæ дæр, кæддæра дæ фехъусид.

**Дада:** Таму, цом мемæ æмæ фосæн холлаг æрæвæрæм.

**Автор:** Таму йæ куыст кæны, нæ хъусы. Дада иу цалдæр хатты бадзырдта лæппумæ, йæ сæр батылдта æмæ чызгмæ дзуры.

**Дада:** Фаризæт, мæ къона, ай хорз хабар нæу, ацы сывæллæттæ куы нæ хъусынц, æмæ сыгъдæг уæлдæфы цъыртт куы нæ улæфынц, уæд гыццыл фæстæдæр се 'нæниздзинад куыд уыдзæнис, ууыл цæуылнæ хъуыды кæнут?

**Фаризæт:** Папа, бæргæ йыл хъуыды кæнæм, фæлæ ахæм рæстæг æрцыд, æмæ адæмы, хистæрæй кæстæрмæ, Интернетæй дарддæр ницыуал хъæуы.

**Дада:** Фаризæт, уæдæ афтæ бакæнæм, изæры куы бафынæй кæной, уæд æртæйы телефонтæ дæр райс, æмæ, райсом цалынмæ фынæй кæной, уæдмæ дæ хæдзармæ ацу, сывæллæтты нæхи бар уадзут.

**Автор:** Таму райсомæй уасæджы хъæрмæ райхъал, февнæлдта телефон райса, зæгъгæ, æмæ йæ куы нæ ауыдта, уæд уыцы иу хъæр фæкодта. Райхъал сты Русик æмæ Ритæ дæр, уыдон дæр хъæр кæнынц.

**Дада:** Цы хабар у? Исчи уæ бафхæрдта?..

**Сывæллæттæ:** Нæ телефонтæ цыдæр фесты.

**Дада:** Ма тæрсут, мæ хуртæ, æз сæ уæ мадæн горæтмæ арвыстон.

**Автор:** Сывæллæттæ тынг бахъуыр-хъуыр кодтой, фæлæ, сæ дадайы цæстæнгас куы ауыдтой, уæд фæхъус сты.

**Дада:** Сыстут, мæ къонатæ, уæхи ныхсут, æмæ аходæн бахæрæм. Уый фæстæ цæуæм сау нæмыг æмбырд кæнынмæ, нана уын дзы скæндзæн вареннæ, æмæ зымæджы хæрдзыстут. Изæры та уæ сахуыр кæндзынæн шашкæтæ æмæ шахмæттæй хъазын. Райсом та уæ акæндзынæн кæсаг ахсынмæ, немæ айсдзыстæм дзул, халсартæ æмæ доныбыл кæсæгтæй хæринаг скæндзыстæм, сихор бахæрдзыстæм сыгъдæг уæлдæфмæ. Изæры та — домино, шашкæтæ, шахмæттæ, нæ рæстæг хъæлдзæгæй арвитдзыстæм. Кæрты цы кæрдо бæлас ис, уым та уын бæндæн бабæтдзынæн, æмæ радгай хъеллау кæндзыстут.

**Автор:** Сывæллæттæн сæ зæрдæмæ фæцыдысты сæ дадайы ныхæстæ, æмæ, æцæгæйдæр, хъæлдзæгæй арвыстой сæ улæфты бонтæ. Чермен æмæ Фаризæт дыууæ къуырийы бæрц нæ федтой сæ цоты. Хъæумæ куы ныццыдысты æмæ сæ цоты кусгæйæ куы федтой, уæд ма сæ цинæн кæрон кæм уыдис.

**ДОЙЙАТЫ Эммæ,**
**Сывæллæтты сфæлдыстады скъолайы**
**ахуыргæнæг**

Фарс бацæттæ кодта
ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

## Спортивон фидиуæг



### Хъæбысхæст

# Салхъазанты Таймураз — Европæйы чемпион

**Хорватийы сæйраг горæт Загребы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдис Европæйы чемпионат.**



Уæрæсейы богæлттæн уырдæм ацæуыны бар кæй нæ уыд, фæлæ 11 ирон богалы хæцыдысты æндæр бæстæты номæй.

Уыдонæй æртæйæн бантыст иу сыгъзæрин æмæ дыууæ бронзæ майданы рамбулын.

Уæлдай æнтыстджындæр рауад ныр къорд азы Словакийы номæй хæцæг **Салхъазанты Таймуразы** архайд. 74 кг онг уæзы хæцгæйæ, Таймураз фæуæлахиз фондз ныхмæлæууæгыл æмæ æртыккаг хатт рамбылдта Европæйы чемпионы ном. Кæронбæттæны Таймуразы ныхмæлæууæг уыдис зындгонд италиаг богал, дунейы раздæры чемпион **Франк Чамизо,** æмæ ууыл дæр фæуæлахиз æнæдызæрдыгæй.

Дунейы раздæры чемпион **Цæболты Хетик,** Сербийы номæй хæцгæйæ, 79 кг онг уæзы бацахста 3 бынат æмæ хорзæхджын ссис бронзæ майданæй. Бронзæ хæрзиуæгæй ма хорзæхджын ссис **Байцаты Владислав** дæр, 97 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ. Владислав чемпионаты хъахъхъæдта Венгрийы спортивон кад.

**Нæ уацхæссæг**

## Конкурс

# Æрыгон иртасджытæ

**Уæрæсейы литературон-аивадон ерыс "Шедевры из чернильницы-2023" ацыд горæт Пушкины. Уым сæ иртасæн куыстытæ МАЛИТЫ Васо æмæ ГЕРГИТЫ Валерийы тыххæй равдыстой ирыстойнаг ахуырдзаутæ дæр.**

Даниил Литвиненкойы иртасæн куыст уыд номинаци "Литературон бæстæзонынад"-ы темæ: "Малиты Васо — ирон литературæйы бындурæвæрæг". Иртасынад райдыдта аивадон изæр "Фыдæй фыртмæ", кæцы хаста Малитæй дыууæ поэты ном.

Даниил радзырдта фыссæг, поэт, драматург æмæ майдан "Ирыстоны кадæн"-ы хицау Васойы сфæлдыстады тыххæй. Газет "Рæстдзинад" зæрдæхæларæй фæхай кодта хъæугæ æрмæджытæ, уыимæ ма, Васойы хиуæттæ дæр баххуыс кодтой лæппуйæн. Уыдон æмæ аивадон изæрæй æмбырд æрмæджытæ бындур æрæвæрдтой Даниилы иртасынадæн.

Йæ сæйраг хъуыды у уый, æмæ фыссæджы уд æмæ хъуыдытæ цæрынц чингуытæ æмæ фæлгонцты. Уый фыста хуымæтæг æвзагæй, йæ уацмысты та æвæрд ис бирæ арф хъуыдытæ. Конкурсы жюри уæлдай аргъ скодта Даниилы раныхасæн, æмæ лæппу ссис æртыккаг къæпхæны лауреат.



Софья Литвиненкойæн йæ куысты темæ уыд номинаци "Аивадзонынад"-æй "Гергиты Валери — дирижер-реформатор". Иртасынады сæйраг хæс уыд раиртасын дирижеры аивад, уыимæ, Уæрæсе æмæ фæсарæнты номдзыд кæй у, уый аххосæгтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ныхас цыд, цы кады гæххæттытæ æмæ премитæй хорзæхджынгонд æрцыд, уыдоны тыххæй дæр. Иртасынады сæйраг хатдзæг уый уыд, æмæ Валерийы сæйраг нысан у Мариинаг театр æмæ Фыдыбæстæйы рæзынадыл кусын. Софьяйы раныхасæн дæр стыр кад скодтой, æмæ ссис фыццаг къæпхæны лауреат.

Ерысгæнджыты бацæттæ кодта "Дзæуджыхъæуы уæлæмхасæн ахуырады центр"-ы структурон хайад "Сывæллæтты аивады скъола"-йы ахуыргæнæг Татьянæ Литвиненко.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

## Барадон фæтк

# Давæг сбæрæг

**Студенттæн материалон æххуыс кæнынæн кæй рахай кодтой, уæлдæр ахуыргæнæндоны проректор йæхирдыгæй уыцы æхцатæ кæй бакодта, цæгатирыстойнаг пъæлицæйы кусджытæ уый бавдыстой.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй гуырысхойаг адæймаг, уæлдæр ахуыргæнæндоны проректоры бынат ахсгæйæ, рахаста 16-19 мин сомы бæрц иурæстæгон материалон æххуыс студенттæн бакæныны тыххæй уынаффæтæ. Цард зын уавæры бахауæг, студенттæн кæй фидынц, 35-аздзыд гуырысхойаг нæлгоймаг йæхиуыл хардз кодта уыцы æхцатæ. Хъомыладон куыстæй проректоры æнæзакъон архайды аххосæй хаст зианы иумæйаг бæрц рауад 240 мин сомæй фылдæр. Закъонхалæг адæймагыл Уголовон кодексы 160 статьяйы 3 хаймæ ("Æхца хирдыгæй бакæнын, кæнæ сæ ныххæлæттаг кæнын") гæсгæ сарæзтой уголовон хъуыддаг. Гуырысхойаг адæймаг закъон халыны æндæр цаутæм бар дары æви нæ, слестгæнджытæ уый бæлвырд кæнынц.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Хæлардзинады тæгтæ

# "Хивæнд чызг"-ы премьерæ Ирон театры

**Бадзырдмæ гæсгæ, мæй иу хатт Хуссар æмæ Цæгаты ирон театртæ кæрæдзийы сценæтыл æвдисдзысты ног спектаклтæ. Цæгатаг театрдзауты зæрдæтæ уал сæ хуссайраг æфсымæрты барухс кодтой Уильям Шекспиры пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакл "Хивæнд чызг"-æй, йæ режиссер-æвæрæг ЧЕЛÆХСАТЫ Эдуард.**

Фыццаг сфæлдыстадон куыст ын нæу, дæс спектаклæй фылдæр сæвæрдта дыууæ театры. Дыууæ мæйы размæ уыд йæ премьерæ Хуссар Ирыстоны, ныр æй рахаста цæгатирыстойнаг театр уарзджыты размæ.

"Йæ алы равдыстмæ дæр тырны театрдзау, алы хатт

Нæлгоймаг æмæ сылгоймаг — тыхджын персонажтæ, се 'хсæн ныхмæлæуддзинады, куыд ивтой кæрæдзийы уды скондтæ цъæл кæнынæй тыхджын уарзты онг, уый æвдисæг цау. Нæ зæрдæ дардзыстæм, ацы спектакл театрдзауты зæрдæтæм фæндаг кæй ссардзæн", — зæгъы режиссер-

уыд: "Бузныг дæн режиссерæй, кæй мыл бауæндыд, уымæй. Италиаг драматурги иронмæ дард лæууы, фæлæ нæ адæмты темпераменттæ хæстæг æвæрд сты, уымæ гæсгæ италиаг персонажмæ ирондзинады тæваг фæхæццæ".

Бестауты Мирослав, Гаглойты Эдуард, Дыгъуызты Жаннæ, Джиоты Сослан, Куымæриттаты Батрадз, Мæргъиты Ингæ, Пæррæстаты Дмитри, Тедеты Андрей, Цоциты Никъала æмæ Елбачиты Рамазæн сценæмæ рахызт фыццаг нæ уыд.

Астаздзыд Битеты Ле-

Цхинвалы скъола "Альбион"-ы, у театралон къорды уæнг. Нырма йын дидинджытæ нæ лæвар кæнынц спектаклы фæстæ, фæлæ шоколад-о, зæгъы Битейон.

"Хивæнд чызг"-ы адæмон сценæты архайынц Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты актерты хайады студенттæ. Зæрдæмæдзæугæ сты нывгæнæг Санахъоты Мæдинæ, дарæсы нывгæнæг Коцты Татьянæ, сценæйы змæлд æмæ зæлвидыц æвæрæг Харебаты Жан-Жак æмæ кæфтытæ æвæрæг Челæхсаты Георгийы куыстытæ.

Спектаклы кæронбæттæн



залы къух бакæнæн нæ вæййы. Ныркккон царды æцæгдзинад адæмы йæхимæ хъусыныл фæкодта. Сæ удтæм сын иучысыл рухс бауадзын, царды цыды уаргъ фæрогдæр кæнын — уый у спектаклы хæс.

Спектаклы сæйраг архайджытæ сты Петручио — Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист Хаситы Сослан æмæ Катарина — Хуссар Ирыстон æмæ Цæгат Ирыстоны сгуыхт артисткæ Натия Чохели.

æвæрæг Челæхсаты Эдуард. Æмæ нæ фæфыдæнхъæл.

Спектаклы райдайæнмæ фæскулисты мынæг рухсмæ актерты æгомыг змæлдæй, фарстытæн цыбыр æмæ рæстдзæвин дзуаппытæй бæрæг уыд, тынг кæй тыхсынц, уый.

Петручиойы рол де сфæлдыстадон царды цы бынат бацахста, зæгъгæ, Хаситы Сосланы куы бафарстон, уæд йæ дзуапп

рæйæн лæггадгæнæджы чызджы рол йæ царды фыццаг у. Цы хæс æвæрд ыл ис, уый æмбаргæйæ, хъуыддагхуызæй йе сценикон уæлæдарæсы йæ хистæр "æмкусджыты" 'хсæн æнцад лæууыд. Нæ тæрсыс сценæмæ рахизынæй йæ куы бафарстон, уæд йæ дзуапп уыд: "Нæ, нæ тæрсын. Натия мæ ахуыргæнæг у, æмæ мæ уый æрбакодта ардæм". Куыд рабæрæг, афтæмæй чысыл чызг ахуыр кæны тыхджын къухæмдзæгъды айзæлд. Актерæн уымæй зынаргъдæр цы ис!

Ахсджиаг та уый у, æмæ æфцæджы фæйнæ фарс адæмы ахастдзинæдтæ, сæ культурон бастдзинæдтæ фидардæр кæныны архайд цырендæр кæй кæны.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, къам систа ТЕБИАТЫ Златæ**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Къаннæг, тугдзых цæрæгой. 8. Уæлæдарæс. 10. Рагон скифаг куырыхон лæг. 11. Агауындзæн дзаума. 13. Хъуын. 14. Цæхх лыстæггæнæн. 15. Донбакæлæн Ирландийы. 17. Хуытæн холлаггæнæн мигæнæн. 18. Исты текст æндæр æвзагмæ ивын. 19. Чидæр, дам, цæст... нæ уыд æмæ æрфыг, æрфыг кодта (æмбисонд). 23. Хъæууонхæдзарадон культур. 24. Тæнæг сæрак. 25. Лæгъз, фæз бынат. 27. Æппынæйы бæсты... — хуыздæр (æмбисонд). 28. Минералон дон. 29. Сылгоймаджы уæлæдарæс. 31. Сæгъы хъуын. 32. Уæрæсейы облæстон центр.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Саби. 2. Гагадыргъ. 3. Ирон адæмон зарæджы хъайтар. 4. Коцойты Арсены радзырд. 5. Сæдæ азы. 6. М. Лермонтовы поэмæ. 9. Раздзог. 12. Карст уыгæрдæны дыккаг хатт цы кæрдæг æрзайы, уый. 13. Арæг сылгоймагмæ фæкæсæг. 16. Горæт Турчы. 17. Уæлдæфон нау скъæрæг. 20. Мигæнæн. 21. Хъахъхъæнæг. 22. Арæзтадон æрмæг. 25. Чысыл тыхтон. 26. Зындгонд эстрадон зарæггæнæг. 29. "Раст йæ астæу зайы... нæзы бæлас". (Къоста). 30. Коцойты Арсены радзырд "Фембæлдысты"-йы архайæг.

### Дзуаппытæ 15 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Адмирал. 8. "Фæсобау". 9. Тæраз. 10. ... Фидар... . 12. Уран. 14. Нæзы. 15. Багалæг. 17. Сæкæр. 18. Далыс. 19. Кæлмæрзæн. 22. "Артек". 24. Болат. 26. Тъахтин. 28. Асæх. 30. Быру. 31. ... Хæлын... . 32. Хъуаз. 33. Æхсæрæг. 34. Анатоми.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Залдуз. 2. Пирæн. 3. Маламар. 4. Фæсивæд. 5. Гобан. 6. Гуыдыр. 9. Тауæн. 11. Рæхыс. 13. Кæнгæзæхх. 15. Бæрæчет. 16. Галæгон. 20. Æртæх. 21. Бабыз. 23. Къуымæл. 24. Битъына. 25. Майрæм. 27. Пушкин. 29. Хæлæг. 30. Барто.

## Арфæ

# Хъазыбегты-Дзеранты Дианæйæн



*Сылгоймаг... Ныййарæг мад æмæ уарзон хъæбултæ...*

*Кæд зæххыл фæлмæндæр дзырдтæ ис, уæд уыдон сты ацы дыууæ дзырды — мад æмæ хъæбултæ... Нæй сæ фæхицæнгæнæн, нæй сæ фæиртасæн, кæрæдзиуыл зæлдаг тæгтæй баст сты.*

*Ныййарæгæн йæ кæстæртæ зæрдæйы фæндон куы рахъомыл вæййынц, адæмы рæгъы курдиатджын æмæ æфсармджынæй куы рацæуынц, сыхбæстæн уарзон æмæ, мыггаджы фидыц куы басгуыхынц, уæд ныййарæджы зæрдæ хурварс бады...*

*Стыр хорздзинад у, ахуыры къæсæрæй чи рахизы, уыдон сæ царды аккаг фæндаг куы ссарынц æмæ йыл ныфсджынæй куы фæцæуынц, сæ æнæзæрдæхудт фæллойæ амондджын æмæ райдзастæй куы фæлæггад кæнынц адæмæн.*

*Фыццаджыдæр, адæймагæн хъуамæ курдиат йемæ райгуыра. Æхсæвæй-бонæй æнæрынцойæ архайа йæ зонындзинæдтæ фылдæр æмæ уæрæхдæр кæныныл. Йæ куыст ын хæсса цин æмæ йæ разæнгард кæна стырдæр æнтыстдзинæдтæм.*

*Гъе, ахæм миниуджытæй хъуамæ хайджын уа, æцæг дохтыры дæсныйадыл чи сахуыр кодта, ахæм адæймаг. Æрмæст хосты æххуысæй ма дзæбæх кæна йæ бæрны уæвæг рынчынты, фæлæ ма йæ фæлмæн къухты æвнæлд æмæ адæймагыл аудындзинадæй.*

*Абон фидарæй мæ бон зæгъын у, æппæт уæлдæр ранымад миниуджытæй хайджын кæй у Дзæуджыхъæуы дыккæгæм хистæр кары поликлиникæйы медицинон хо Хъазыбегты-Дзеранты Дианæ. Йæ фæлмæн ныхас æмæ рухс цæстæнгасæй æрвылбон ауды, боны стационары сæхи чи фæдзæбæх кæны, уыцы рынчынтыл.*

*— Йæ фæлмæн къухты æвнæлдæй рынчынæн йæ низ дæр айрох вæййы. Тынг лæмбынæг æмæ зæрдæргъæвдæй кусы, медицинон хойы хæстæ æххæст кæны зæрдæбынæй. Бирæ рынчынты фæфæнды Дианæмæ бахауын, уайтагъд сын ссары сæ тугдадзинтæ æмæ сæм æнцонтæй бахауы, укол кæнгæйæ. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, алкæй къухты не 'фты, — зæгъы хистæр медицинон хо Елойты Зарæ.*



*Дианæ ацы куыстуаты кусы ссæдз азæй фылдæр. Йæ хорз куысты тыххæй йын балæвар кæнынц арфæйы грамотæтæ, фæархайы медицинон конкурсты, кæцы ран бацахсы фыццаг æмæ дыккаг бынæттæ.*

*Дæ къухтæ фæрнæй фæдар, Дианæ!*

***ХЪАЗЫБЕГТЫ Тамарæ***


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




### Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры

*цæудзысты Мæскуыйæ Е.Б. Вахтанговы номыл театры гастролтæ, йæ 102-æм сезон кæй гом кæны, уымæ гæсгæ уæ хоны йæ ног проекты спектаклтæм*

**3, 4 майы**
***"Евгений Онегин" 16+***
*Режиссер-æвæрæг — Римас Туминас*
**5, 6 майы**
***"Мадемуазель Нитуш" 16+***
*Режиссер-æвæрæг — Владимир Иванов*
**7, 8 майы**
***"Царь Эдип" 16+***
*Режиссер-æвæрæг — Римас Туминас*
*Райдайæн 18.00 сахатыл.*
Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.
**Уæ фарстытимæ бадзурæн ис ахæм телефонтæй:**
**55-14-68.**
*Ист цæуынц коллективон куырдиæттæ.*
*Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.*

**Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры.**
**Тел.: 8-906-188-38-83.**

**Профессиональная обработка (опрыскивание) плодовых деревьев, винограда и плодовых кустарников.**
**Цены — как при обрезке.**
**Тел.: 8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Продаем качественный чернозем в мешках.**
**Доставка.**
**Тел.: 8-928-856-90-89,**
**8-928-856-90-83 (Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3439.
Заказ № 461.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.


**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**